Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 9 (7305)
27 февраль 2018 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

18 март - Россиялъул Президент вищулеб Къо

## Рищиязда хIинкъи гьечIолъи букIине




Гьал къоязда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул регионалияб терроризмалде данде къеркьеялъул Комиссиялъул данделъиялда. Гьеб бачунеб букIана РДялъул БетIерасул ишал тIуралев Владимир Васильевас.

Данделъиялда гIахьаллъана РФялъул Президентасул СКФОялда вугев вакил Валерий Попков.

Тадбир байбихьана Гъизляралда чIварал ракIалде щвезариялъе руцIун чIеялдалъун.

Къойил темаялде росун рукIана батIи-батIиял суалал. Балагьана РФялъул Президент вищулеб къоязда общественнияб хIинкъи гьечIолъи тIадегIанаб даражаялда гIуцIиялъул, терроризмалъул балагьаздаса гIадамал, объектал, транспорт, коммуналияб инфраструктура, бухьеналъул, энергия чIезабиялъул бакIал цIуниялъул суалазухъ.

Жиндирго байбихьулаб кIалъаялда В. Васильевас бихьизабуна: Дагъистаналъул территориялда 54 территориалияб рищиязулаб комиссия бугин, гьелгун цадахъ рекъон хIалтIизе ругин пачалихъияб власталасул ва бакIалъулаб самоуправлениялъул органал. «Гьелдаго цадахъ хIалтIизе руго I9I5 участковиял рищиязул комиссиял. Рищиязда цересел хIадурлъиялъул хIалтIаби унел руго киса-кирего гьеб тIобитIиялъул рахалъ законалъул къагIидаби ва заман цIунун»,-ян бихьизабуна гьес.

Гьединго В. Васильевас лъазабуна рищиязул процесс тIобитIулаго бищунго кIвар кьезе кколеб суал бугин рищиязул участкабазда гIадамазе хIинкъи гьечIолъи букIинаби, нахъаса къотIи гьечIого транспорт хIалтIизаби, коммуналияб магIишат, бухьен, электрическияб ток чIезаби, цIа ккеялдаса цIуни. «ТIад калам гьечIого аслияб къуват республикаялъул ва районазул жанисел органазул хIалтIухъабаз рехизе ккола рищиязул участкабазда ихтияр цIуни букIинабиялде. Гьелдаго цадахъ берзукьа борчIизе тезе бегьуларо кинаб букIаниги закон хвезаби ва цадахъ рекъон хIалтIизе ккола гьел, исполнительниял ва муниципалиял органазул хIалтIухъабигун. Кинабго рахъалъ цIодорлъи букIине ккола рищиял тIоритIулаго».

## Районалъул Собраниялъул сессия

Гьал къоязда букIана районалъул Собраниялъул сессиялъул заседание. Гьенир гьоркьор лъуна гьал хадусел суалал:

I. РФялъул Президент вищиялъе рищиял гIуцIадго иналъе гьаризесел тадбирал – бицана ТИКалъул пред. А. Расуловас.

2. 2017 соналъ гьабураб хIалтIул хIасил – районалъул администрациялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас.

3. 2017 соналда бюджет тIубаялъул хIасил – докладчи финансазул отделалъул нач. С. АрулмухIамадов

4 . «Унсоколо район» МОялъул «2018 соналъул бюджеталъул ва 2019-2020 плановияб периодалда бюджеталъул хIакъалъулъ» – финансовияб отделалъул нач. С. Арулмух1камадовас.

5. «Унсоколо район» МОялда официалияб сайталда ва интернеталъул сеталда нормативиялгун правовиял проектазул актал лъеялъул порядокалъул бицана «Унсоколо район» МОялъул юрист У. Бартыхановалъ.

6. Районалда хабалазул бугеб хIалалъул ва хвел букьиялъе квербакъиялъул Положениялда хурхунги информация кьуна – У. Бартыхановалъ.

7. «Унсоколо район» МОялъул бакIалъулаб самоуправлениялда муниципалияб хъулухъги, выслуга летги цадахъ бугезе пенсиялде тIадежураял гьариялъулги бицана гьелъго.

Рук1ана цогидалги суалал.

## ВатIан цIунулезул къоялда!




Районалда тIобитIана ВатIан цIунулезул Къоялда хурхараб праздникалъулаб тадбир. Гьеб рагьана районалъул культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас. Гьес данделъаразда баркана бихьинчилъиялъулги бахIарчилъиялъулги, ВатIан бокьиялъулги гIаламатал гьорлъ ругеб праздник, гьарана рекъел ва букIинесеб гIуцIиялъе икъбал. РагIи кьуна районалъул бетIерасул зам. М. ХIасановалъе. Гьелъ райадминистрациялъул цIаралдасан ракI-ракIалъ баркана районалъул гIадамазда праздник ва абуна: «Гьаб къоялъ миллионал гIадамаз унго-унголъунги бетIер къулула тарихиял гIумро нахъа тарал ва нилъедаса ратIалъарал, къвакIарал рагъухъабазе. Нилъее эркенлъи, рекъел ва парахалъи цIунун кьуна гьез гIумро. Даимгоялъе гьеб цIунизе тавпикь кьеги нилъее!».

Хадуб гIемерсаназул ва ракIбацIцIадаб хIалтIухъ 20 чиясе кьуна ХIурматалъул грамотаби.

Баркиялъул кIалъаял гьаруна «Единая Россия» партиялъул исполкомалъул нухмалъулей Б. КIудияевалъ, коррупциялде данде хIалтIи гьабиялъул рахъалъ бетIерасул кумекчIужу Р. ХIайбулаевалъ.

Тадбир лъугIана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазе гьабураб мемориалалда цебе тIугьдузул венок лъеялдалъун.

ВатIан цIуниялъул къо кIодо гьабун тадбирал тIоритIана киса-кирего школазда, библиотекабазда, культураялъул рукъзабахъ ва гь. ц.

## ТIаде къабул гьаризе бокьани



Гьал къоязда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас хас гьабун къабул гьабураб графикалда рекъон тIаде гIадамал къабул гьаруна. Росабалъа 9 чи вачIана гьеб къоялъ бетIерасухъе. ГIадамазул мурадал рукIана рукIа-рахъиналъул, хIалтIуда лъеялъул, материалияб кумек хIажалъиялъул ва гь. ц. Щивасулгун гара-чIвари гьабуна, бажаразе кумек гьабуна.

РакIалде щвезабулеб буго, бетIер ГI. НурмухIамадовасухъе прием хьвала: **Шамилькъала. Администрация, 2 этаж, сагIат 9 тIубаралдаса I5 тIубазегIан. АхIе телефоналъ 55-62-82.** ТIаде къабул гьарула моцIрол ахирисеб арбагI къоялъ.

Гьелдаго цадахъ нуж ине бегьула бетIерасул замазухъе. Хьвазе бегьула гIарзаби, гьединго электроннияб къагIидаялъ интернет-приемниялдеги хьвазе бегьула. Официалияб районалъул сайт буго **«Унцукульский район» uncukul.ru**,-абун.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 9 (7305)*

*27 февраль 2018 сон*



Исана Расул ХIамзатов гьавуралдаса 95 сон тIубала. Гьеб лъугьа-бахъиналда хурхун гIемерал тадбирал гьаризе хIисабалде росун руго Дагъистаналда. Гьеб буго издательствалъул, фильмал рахъиялъул суалал. Гьединго Москвалъул Кремлялъул КIалгIаялда тIобитIизе хIисабалде босун буго гьесул творчествалъул вечер.



# Общественниял халкколезул Форум




500 чи гьорлъе вачараб общественниял халкколезул (наблюдатели) Форум тIобитIана гьал кьоязда Каспийск шагьаралда Дагъистаналъул общественниял палатаялъ. Гьелъул председатель ккола ГIабдулхIалим Мачаев. Данделъаразда цеве кIалъалаго ГI. Мачаевас бихьизабуна рищиязул рацIцIалъи-тIокIкIин бараб букIунин хадуб халкколезул бацIадго гьабураб хIалтIуда,- абун.

Жакъа кьоялда гьеб ишалъулъ гIахьаллъизе гьира бугин лъазабуна Дагъистаналдаса 4 азарго чияс, гьезда гьоркьоса 60 чи ккола Унсоколо районалдаса. Халкквеявлъул гIадамал роси 1 марталде щвезегIан унеб буго.

Нилъер районалдаса Форумалда гIахьаллъана районалъул халкколезул бригадир Ш. НурмухIамадов ва районалъул общественниял палатаялъул пред. М. ГIабдулаев.

РДялъул халкколеб корпусалъул нухмалъулев И. ГIалиевас гьезда бицана цере чIарал масъалабазул. Халкколезул хIалтIуе букIине буго жакъасеб технология.

## Психологасул гIакъло

*Дудасаго мунго лъутуге, щидае бо-кьанщинабги гьабуге. Къварилъи бугони лъикIго гIоде! Гьелъ бигьалъи гьабула.

* ГIадамаздаса рикIкIад чIоге. Гьединаб кьоялъ ратизе рукIуна гьудулзаби.

* Ургъе, сунда бараб бугеб дур къварилъияли. Кинабго Аллагьасде божун те. БичIчIун букIа, мун гIагарлъиялъе хIажатавлъун хутIулевлъи.

* Къварилъиялдаса хадубккун дурго гIумро кин гIуцIилебали ургъе! Гьелъие дуцаго нух батизе бегьула.

* КьогIаб иш ракIалдаса инабизе лъугьунге, гIодове виччан гьелда тIад рекъа. Цере рукIарал ва рукIине бегьулел талихIал минутал ракIалде щвезаре.

* Бихьаралда разилъе, кIочонге гIодове вортиялда цадахъ «роржинеги» байбихьизе бегьулеблъи.

* Гьекъел-мехтелалъул яги цогидал заралиял жалазул кумекалде вортуге. Гьедин дуца дурго жанисеб захIмалъаби бигьа гьарила, гьелъ сахлъиги жагьал гьабула.

**И. МАМИЛОВ, психолог.**

*МугIалимасул пикраби*

# ГIурус мацIалъул анкь

**Дарсал берцинлъула цIалдохъабазул ЦIикIкIун предметалде рокьи бижани.**

Бокьараб предметалдехун лъималазул рокьи бижизабун бажарула учителасда: букIине те гьеб математика, биология, география, авар ва гIурус мацIазул бицинего бицинарин.

Сундуца дарсал бечелъулел, берцинлъулел, гвангъулел?

Учителасул щибаб лъимералдехун бугеб бербалагьиялъ, гьесул рекIел бацIцIалъиялъ, хIалимлъиялъ, лъимадулаб асар жеги пикрабалъ букIиналъ, жиндирго гIадатияб гуреб дунял гIуцIизе лъаялъ.

ГIемерисел лъималазе бокьула жалго цересел кьерда рукIине, эбел-эмен рохула жидер лъималаздехун учителас кIвар кьолеб бугони, гьездасан гIемераб жо лъазабизе тIалаб гьабулеб бугони. Гьединаб буго учительзабазул хIалтIи Рихьуни гьоркьохъеб лъай кьеялъул М. ГI. ЗаргъалаевасулцIаралдабугебшколалдаги. Кьола рагьарал дарсал, тIоритIула классалъул ва умумазул собраниял, гIуцIула къецал, гьираялда гIахьаллъи гьабула батIи-батIиял предметазда хурхун тIоритIулел анкьазда, ургъула сценкаби, хъвала кучIдул, харбал, бокьула пасихIго текстал цIализе ва суалазе рагIа-ракьанде щварал жавабал кьезе.

Февраль моцI байбихьана школалда предметиял анкьазде хIадурулаго, гьел тIоритIулаго, дарсаздаса къватIисеб хIалтIи лъикIго гIуцIулаго.

I2 февралалдаса байбихьун I7 февралалде щвезегIан Рихьуни школалда лъималазе бокьиледухъ араб гIурус мацIалъул ва литератураялъул анкьалъул бицине бокьун буго дие.

Узухъда, хIалтIи гIурус мацIалъул учителасул цIакъго гIемераб, жеги захIматабги буго. ГIицIго гьеб бигьалъизабизе хIажалъула чорхолъ жанги, къвакIиги, рекIелъ хIеренлъиги, шагIирзабазул ва хъвадарухъабазул асараздехун хIасратаб рокьиги.

**Диеги поэтаз битIана къвакIи,**
**Къадруяб куцалда кучIдул цIализе.**
**Рокьул кучIдул хъвазе течIо къалмица**
**КъачIана дарсазда бицине калам.**
**Цо дир гьаб хIасратги, дир рекIел цIаги,**
**Унго анищ, нужей, лебалал васал!**
**Гьаб дир хIалимлъиги, дир анищалги**
**Щолеб анищ нужехь, дир лъикIал ясал!**

Дир пикраби лъарал кинниги, гIурус мацIалъул ва литератураялъул анкьалда гьираялда цере рахъана 5-9 классазул цIалдохъаби. Анкь байбихьана 8 «б» классалъул цIалдохъабазул церерахьиналдасан. Расул ХIамзатовасул кочIол мухъазда данде кколедухъ гIуцIун букIана тадбир.




**«Дун, магIарул васас, гIагараб мацIлъун РикIкIана гIурус мацI кинабго ракIалъ».**

КIиабилеб кьоялъ 7 «б» классалъул цIалдохъабаз бицана А. П. Чеховасул гIумроялъул хIакъалъулъ, хадусел кьояз пасихIго цIалана кучIдул, хIана А. Горький, Л. Н. Толстоясул, Н. В. Гоголил асараздасан бутIабазул ролал, тIобитIана сочинениязул къецал, цIалдохъабаз щвалде щварал жавабал кьолел рукIана кьурал суалазе, рахъун рукIана дарсазда малъулел асаразда тIасан суратал. А. Н. Толстоясул «Балалдаса хадуб», А. С. Пушкинил «Капитанасул яс», И. А. Крыловасул «БацIги кьегIерги» ва гIемерал цогидалги къисабаздасан, поэмабаздаса, пьесабаздасан. Бихьулеб букIана цIалдохъабазе бицунго рокьулел поэталлъун А. Пушкин, М. Лермонтов, Н. Некрасов, А. Фет, И. Ф. Тютчев рукIин. Гьез гIенеккаразе асар гьабуледухъ бицунеб букIана И. С Тургеневасул, А. С. Пушкинил, М. Горькиясул хабариял асаразулги.

Унго-унголъунги кIудияб гьира базабуна тадбиралъ цIалдохъабазул поэзиялде ва прозаялде, гIурус мацIалде. ЛъикI хIадурун рукIана тадбиралда 5 «б» классалъул гIемерисел цIалдохъаби, хасго А. МухIамадова, А. МалламухIамадова, М. Жаватханов, ГI. МалламухIамадов. КартинкабазасанА. Пластовасул, Левитанил сочинениял лъикIго хъван рукIана Ш. Асадулаевалъ ва Х. Жаватхановалъ.

5 «а» классалъул цIалдохъабазги рихьизаруна жал цебесеб кьерда рукIунеблъи. 7 «б» классалъул бицунго лъикIаб церерахьин букIана Р. МухIамадовалъул, М. ГIалимусаевасул,П.Мажидовалъул ва ХI. ХIасановалъул.

ПасихIго Пушкинил ва Лермонтовасул кучIдул рекIехъе цIалана 7 «а» классалъул цIалдохъан ГI. Асадулаевалъ, 9 «б» классалъул цIалдохъаби П. ГIабдулвагьабовалъ, Р. ТIалхIатовалъ, Р. ГIалиевалъ. Жидерго церерахьин берцин гьабуна 6 «б» классалъул цIалдохъаби Л. ГIисаевалъ, П. Балаевалъ, К. Шигьабудиновалъ ва цогидазги.

ГIурус мацIалъул ва литератураялъул анкь бечед гьабизе, гьеб гIуцIадго иналъе бицунго лъикIаб гIахьаллъи гьабуна 8 «б» классалъул цIалдохъабаз. Рохизе бегьулеб жо буго лъималазда жидерго пикро эркенго хIалтIизабизе, бихьизабизе лъай, предметалдехун ва учителасдехун бугеб бербалагьиялъул абизе, цогидазда рагIизе бокьи.

Гьединал рукIана ГI. Шейховасул «ГIурус мацIалъул дарсал», А. Гьаруновалъул «Сундухъ дие гIурус мацI бокьулеб» абурал темабазда тIасан хъварал сочинениялги.

Киналго кьоязда кIвахI-свак тун цIалдон рачIана 8 «б» классалъул цо-цо ясал, лъикIал цере рахъинал рукIана С. ГIалиевалъул, ГI. ГIабдулаевалъул, Н. Сурхаевалъул. 8 «б» классалда тIобитIана гIурус мацIалъул рагьараб дарс синтаксисалда ва пунктуациялда тIасан.

Дарсида битIун жавабал кьуна А. Балаевас, М. Жамалудиновас, З. Дахадаевалъ. Киназего цIикIкIараб асар гьабуна Х. Жамалудиновасул цвалде щварал жавабаз. Руго цIалдохъаби лъикIал, гIакъилал нижер школалда, руго гьезие киналго ресал: хинал кабинетал, компьютерал, интерактивиял доскаби, лъай бугел учительзаби.

**(Ахир 4 гьумералда)**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 9 (7305)*
*Рузман*
*27 февраль 2018 сон*
3 гьумер

## Информация для избирателей - инвалидов

**Уважаемые жители Унцукульского района! Приводим к Вашему сведению что, территориальной избирательной комиссией МО «Унцукульский район» передается для граждан Российской Федерации, являющихся инвалидами в администрации района работает телефон горячей линии, в целях оказания для них консультативной помощи.**

**По интересующим Вас вопросам просим обращаться по номеру 55 62 85 или 55 62 86, или 88722 55 62 79.**

Зарегистрировано в Управлении Министерства юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан от 06. 02. 2018 г. № Ru 055340002018001

# Республика Дагестан
# Унцукульский район
# Собрание депутатов муниципального района

368950 Республика Дагестан Унцукульский район пгт. Шамилькала, ул. М. Дахадаева 3, тел. 55-62-87

## РЕШЕНИЕ

**№ 50**

**от 18 января 2018 года** **пос. Шамилькала**

## О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район» РД (муниципальный район)

**С целью приведения Устава МО «Унцукульский район» РД (муниципальный район) федеральному и региональному законодательству, Собрание депутатов муниципального района «Унцукульский район»**

## РЕШАЕТ:

1. Внести следующие изменения и дополнения в Устав муниципального образования «Унцукульский район» РД (муниципальный район):
1. Часть 1 статьи 8 дополнить пунктом 5.1 следующего содержания:
«5.1) полномочиями в сфере стратегического планирования, предусмотренными Федеральным законом от 28 июня 2014 года № 172-ФЗ «О стратегическом планировании в Российской Федерации»;»;
2. Пункт 9 части 1 статьи 8 изложить в следующей редакции:
«7) организация сбора статистических показателей, характеризующих состояние экономики и социальной сферы муниципального образования, и предоставление указанных данных органам государственной власти в порядке, установленном Правительством Российской Федерации;»;
3. Часть 3 статьи 15 дополнить пунктом 2.1 следующего содержания:
«2.1) проект стратегии социально-экономического развития муниципального образования;»;
4. В пункте 3 статьи 15 слова «проекты планов и программ развития муниципального образования,» исключить ;
5. Пункт 5 части 1 статьи 24 изложить в следующей редакции:
«4) утверждение стратегии социально-экономического развития муниципального образования;»

II. Представить на государственную регистрацию в Управление Министерства Юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан настоящее решение.

III. Настоящее решение вступает в силу со дня его официального опубликования (обнародования) после его государственной регистрации.

**Председатель Собрания**
**_____________К.Асадулаев**

**Глава муниципального района**
**__________И.Нурмагомедов**

# Извещение о предоставлении земельного участка в аренду

В соответствии со статьей 39.18 земельного кодекса РФ, Администрация МО «село Ирганай» в лице зам. главы Джамалудинова У. Х. сообщает о возможности представления в аренду земельного участка для ведения крестьянского (фермерского) хозяйства.

Граждане, заинтересованные в предоставлении земельного участка для указанных целей, в течение тридцати дней со дня опубликования настоящего извещения вправе подавать заявления договора аренды земельного участка.

Заявления можно подавать с 22. 02. 2018 по 22. 03. 2018 года (включительно) в Администрацию МО «село Ирганай» по адресу: РД Унцукульский район, с. Ирганай.

Способ подачи заявлений: заявления подаются или направляются заинтересованным лицом по выбору лично или посредством почтой связи на бумажном носителе, либо в форме электронных документов с использованием информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».

Описание земельного участка:

**1. участок**; кадастровый номер 05:35:000023:163, площадь 1100012 кв. м., категория земель – земли сельскохозяйственного назначения, местоположение: Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Ирганай.

**2. участок**; кадастровый номер 05:35:000023:157, площадь 52962 кв. м., категория земель – земли сельскохозяйственного назначения, местоположение: Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Ирганай.

Арендная стоимость установленный ООО «Институтом профессиональной оценки»-283000 руб. в год. Справки по телефону; **89634083506**

**АБДУЛАЕВ Г. М.**
**Глава администрации МО «село Ирганай»**

## Рихьуни школалдасан харбал

# Рахьдал мацIалъул къоялъ

**«Метер магIарул мацI хвезе батани,**
**Хваги дун жакъаго жаниб ракI кьвагьун»**
***(Р. ХIамзатов)***

Рихьуни школалда щибаб цIалул соналда тIобитIула авар мацIалъул ва адабиядалъул анкь. Гьелъие квербакъула авар мацIалъул мугIалим М. ГIабдулвагьабовалъ.

Исанаги киналго балагьаразе бокьиледухъ ана авар мацIалъул анкь. Мадина МухIамадовналъ кIудияб кIвар кьола цIалдохъабаз цохIо дарсазда гуребги, цогидабги заманалда литературияб мацI бициналда тIад, тIад хIалтIула гьез риччалел гьалатIазда, гIемераб хIалтIи гьабула лексика, синтаксис ва морфологиягIадалбутIабилъазариялда. ГьедингоМ. ГIабдулвагьабовалъги хIалтIизабуна интерактивияб доска, бицана росдал гIадатазул. Лъималаз пасихIго цIалана Р. ХIамзатовасул, Ф. ГIалиевалъул, З. Батировалъул ва цогидалги шагIирзабазул кучIдул. ПасихIго кучIдул рекIехъе цIалана 7 «а» классалъул цIалдохъан ГI. Асадулаевалъ, 8 «б» классалъул цIалдохъан С. ГIалиевалъ, I0 классалъул цIалдохъан П. СайидхIусеновалъ. Жиндирго «ЦIуне авар мацI» абураб кеч1 цIалана П. Балаевалъ (6 «б» кл), ГI. Асадулаевалъ (7 «а»), С. ГIалиевалъ (8 «б») П. ГIалиевалъ (9 «а») ва цогидазги.

Авар мацIалъул анкь бечед гьабун букIана батIи-батIиял авторазул, масала, ЦIадаса ХIамзатил, Муса МухIамадовасул ва Р. ХIамзатовасул асараздаса росарал сценкабаз, лъикIго ролал хIана 7 «а», 6 «а», 8 «б» классалъул цIалдохъабаз.

Анкьил хIасил гьабулаго, школалъул дирекциялъ баркала кьуна М. ГIабдулвагьабовалъе лъикIаб тадбиралъухъ, гьелъул гIахьалчагIазе кьуна грамотаби.

* * *

**«ВатIан хириязде ВатIаналъулги**
**БукIунеб къагIида дандияб рокьи,**
**Гьелъ жиндие гIоло хабалъ лъуразе**
**Хвел гьечIеб чIаголъи буго гьабулеб»**
***(Р. ХIамзатов)***

Авар мацI ва адабият цIалдохъабазда гьваридго лъаялъе ва бокьиялъе гIемераб хIалтIи гьабулеб буго Рихьуни школалъул гIолохъанай мугIалим А. Жаватхановалъги. Гьедин, гIагараб мацIалъул къоги гIодо гьабун, Альбина АхIмадовналъ 20 февралалда школалда 6 «а» классалъул цIалдохъабазе кьуна Р. ХIамзатовасул творчествалда тIасан «Россиялъул солдатал» абураб темаялда рагьараб дарс. Дарсида щибниги гIунгутIи букIинчIин абизе бегьула. РагIаракьалде щун бицана Расулил гIумроялъул, гьесул асаразул, хасго КIудияб ВатIанияб рагъда хваразул, цIалана пасихIго рекIехъе кучIдул.

ЦIалдохъаби лъикIго хIадурун рукIана дарсиде; киназего рекIее гIуна лъималазул форма, гьезул Россиялъул бахIарзаздехун бугеб бербалагьи, бацIцIадаб, гьалатI гьечIого бицунеб авар мацI, интонация, пасихIлъи.

МухIамадзагьидил роль хIана Ш. ХIамзатовас, лъикIал церерахьинал рукIана М. ГIалимусаевасул, ГI. Лабазановасул. РекIее асар гьабуна А. ХIамзатовалъул, ГI. АхIмадовалъул, С. Халидовалъул жавабаз.

Щвалде щун суалазе жавабал кьуна ГI. ГIабдулаевалъ, П. МухIамадовалъ, ХI. Жамалудиновалъ ва цогидазги.

А. Жаватхановалъ хIадурун букIана дарсида хIалтIизабулел гIемерал алатал, хIалтIизабуна интерактивияб доскаги.

Школалъул дирекциялъ ва дарсида гIодор чIарал учительзабаз лъикIаб кьимат кьуна Альбина АхIмадовналъе гьединаб пайдаяб дарс гIуцIаралъухъ, дарсил киналго бутIаби цоцада рухьинаруралъухъ ва цогидал предметазда дарс бухьинабиялъухъги.

**ГI. ХЪАРАГИШИЕВА.**
**Нижер мухбир**

# Газета цIалулезул сатирикияб тунки

## Дир гьитIинаб гьари «Ахихъаналде»

Мун дунгун кьаллъани, кьурун буссани,
«Ахихъан» газета – рекIее ругъун.
ГIунгутIаби ругин къабуллъичIони,
Лъидехун ритIилел дир макъалаби?




Пикраби цIилъулин, анищал щолин,
Щун бугодай заман отставкаялъе?!
Улка-ракьги хисун, хисун дун гьечIин,
Хал кин гьабуларел, дир мухъазулги!
Дирго хIалтIиялъул, цIалдохъабазул
Бицинищ, газета, дуе рекъечIеб?
Рокьи цIалудехун рачIинарулел
Дир асараздейищ дуца мугъ кьураб?
Щай дир лъималазул рохел бикъулеб
Бицинарищ тIокIалъ дир тадбиразул?
«Дирги цIар хьван бугин»,-бихьизабизе,
Гъира-цIа букIунин, дир гьитIичазул.

**ГI. ХЪАРАГИШИЕВА**

## ГIурус мацIалъул анкь

Руго цIалдохъаби литература бокьулел, цIалдолел, гьел гурищ П. СултIанова, 8 «а» классалдаса, П. Жаватханова ва П. СултIанова 8 «а» классалдаса, П. Жаватханова – гьебго классалдаса, ГI. АхIмадова, А. ХIамзатова 6 «а» классалдаса ва цогидалги гIемерал васал ва ясал. Гьел гурищ Б. ва С. Юсуповал 6 «а», 8 «а» классаздаса.

Итни кьоялъ школалъул дирекциялъ хIасил гьабуна гIурус мацIалъул ва литератураялъул анкьалъул, лъималазе кьуна гьитIинал ругониги сайгъатал, 5 «а,б» 7 «б», 8 «а» «б» классалъул цIалдохъабазе кьуна ХIурматалъул грамотаби, баркала загьир гьабуна гIурус мацIалъул учительзаби ГI. ПалимусаевалЪе, М. Заргъалаевалъе, М. МухIамадовалъе, психолог А. Жаватхановалъе, 5-9 классалъул нухмалъулезе.

**ГI. ХЪАРАГИШИЕВА.**

## Ельцин - пачал чурпа-цIан

Ельцин пачал чурпа-цIан
Жеги чапулеб буго,
Бикъун, хъамун улкадул
Цо рагIад хутIун буго.

Россиялъул цIогьаца
КъватIибе нух босула,
Дагъистаналъул цIогьал
Рачун жанир тIамула.

Васильевас вертолет
АхIичIо ал рачине,
«Черный ворон» гIелилан
Рана кверазда маххал.

ТIадчагIи цIогьодиялъ
ЦIину багьун батидал,
Ханбатил тухумалъул
Чи тана нилъей хIаким.

Каспи ралъад сверун къан
Рарал хъулби рукIадго
Тахташимиш таниги
Нилъер гIадлу лъунаро.

ГIадамал, сабру гьабе
Гьаб кIочараб бихьулин,
ГIорда тIасан лъураб кьо
Бичулеб заман бугин!

## Барки

ТIолго улкаялъул мискин халкъалда
Хвенхилъ хьат кьабураб, эркенлъи барка,
Эркенго магIишат гIуцIарал какун
Кулаказ жидерго цIар хиси барка!
Колхоз-совхозазул мал кодой щвараз
Кванай гуреб хIалтIи рехун тей, барка,
Рахи-чIалу бекун рукъ тIад кканиги
ХIур хIакимчиясда хъвангутIи барка!
Хур бекьи, бокь бахъи рехун тараб мех
Ханжу буцун гIатI кIкIвай тараб замана,
Тукабахъ, базарахъ бича-хисулел
Хогеги, унгеги эркенлъи барка!
Зарукьа, малакьа рорчIун рукIарал
Алигархаз хIараб хIалимлъи барка,
Фермерасул азбар лъухьун рачIунел
Шагьи-параялда баркат лъей барка!
Ульянов Ленинил нух ккун унаго
Унеб бакI лъачIого чIун хутIи барка,
Капитализмаялъ горбодаса рукь
Босун тун рукIараб доб гIумру барка!
Газ-нартил буругъал росизе рес гIун
Россия хахулев коммерсант барка!
ГЭСал ран халкъалъе бичулеб токил
Килловат рикIкIунев, Чубайсги барка!
Азда баркизе жо гIемер бугоан
ЦIураб гIеретIалде тIаде лъим унищ!?.

## Вай, дур хIалчIахъаяб, страховой полис

Вай, дур хIалчIахъаяб, страховой полис
Пайда-хайир гьечIеб, чIаголъи свараб,
Унти цIехелалде, мунги цебе лъун
Хъвадарула врач, ручка тIехIигIан.
Хъвалеб жо лъугIидал, тIадеги ворхун
Гьанже кьола суал щиб унтулебан,
Щиб унтулебали лъачIев врачас
Щибиландай хъвараб лъабго тIанчида.
Страховияб полис, лъалареб мехалъ

Гьал больницабазда, букIараб гIадлу,
ГIассияв Сталин, чIагояв мехалъ
ЧIобого букIана, халкъалъе дару.
Инсул цIар, дурго цIар, гьавураб заман
Гьеб суал кьолаан цебе врачаз
Баниялде вачун чвердезе гьавун
Кьолаан ретIине жидерго ретIел.
Цебе больницабахъ берцинал ясаз
Ругъун бухьунаан хъахIаб катаналъ

Каранда, мугъзада килщалги кIутIун
КIатIахI чIван гIенекки, букIана гIадат.
Гьал демократаца, доб гIадат тана
Танга рецептазул бегьула духъе,
Эл росизе дуда аптек бугеб бакI
ЧIобого бицуна, гьебги гIеларищ!?

**ДжабрагIил-хIажи ХАЛИДОВ.**

*Пайдаял малъиял*

## ТIадчIараб бетIер унти бугони



* РакIалда чIа, макьу гьечIони, гIемер кьижани, стрессаал ва чIалгIен, ракI гIодоб чIвай, физическияб рахъалъ свакай – киналъго унтизабула бетIер.

* Къасде ва радал душалда гьоркь чвердей: лъикIал гьечIел ионал, стрессал чвахулеб лъеца тIаса инарула, унтудаса цIунула.

* Кидаго провокаторал гIадал продуктабазда тIад чIун рукIунге: какао, шоколад, хIан, ханал, соевияб соус, кьаралъи цIикIкIарал квенал дагь гьаре. Гьел рукIине бегьула мигреналъе гIиллалъун.

* Кванай чанго нухалъ, цIакьго цIикIкIун кванаге, кванда гьоркьор чIахIиял перерывал ругониги бетIер унтизе бегьула.

* РакIалда чIа: ботIрол унти цIикIкIине бегьула противозачаточниял, пероральниял ва цогидалги бидурихьал гIатIид гьарулел дарабаз.

* КIочонге, гьекьелалъ унти гIодобе ккезабуларо, цIикIкIинабуни гурони.

* ГIемераб заманаялъ телевизоралда, компьютеразда цере рукIунге. Гьеб бетIералъе зараливяб буго.

* Кьиже санагIатаб бусада, ботIрода гьоркь лъе гьитIинаб кьандалъо. Гьелъ кумек гьабула жанисел сонниял артериязухъе би бачIине.

* Кванай бананал, гьелъулъ руго бетIер гIодобе биччазабулел жал.

*ЦIодорго рукIа махI бугел жалгун: жасмин, глацинт, флюксы, бензин, лакал, краскаби. Гьезги бетIер унтизабула.

**ЛЪАЗАБИ**

Балахъуни гьоркьохъеб школалъ 2011 соналъул 22 маялда ХIамзатова Зарипат Юсуповналъул цIаралда кьураб, № 05 ББ 0092259 бугеб тIубачIеб гIаммаб лъаялъул Свидетельство тIагIун буго. Гьанжеялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 2. 26. 18 г. 16. 30
фактически -17. 50 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.